juróom-ñaar yii Yàlla dana leen keral bis ba genn ker dul am lu dul keram ga

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "juróom-ñaar yii Yàlla dana leen keral bis ba genn ker dul am lu dul keram ga: imaam bu maandu, ak waxambaane wu sosu ci jaamu Yàlla, ak waa ju xolam aju ca jàkka ya, ak ñaar ñu bëggante ci Yàlla, ci moom lañuy daje te ci moom lañuy teqalikoo, ak góor gu jigéen ju am dayo ak rafetaay woo mu ne ko: man damaa ragal Yàlla, ak waa ju saraxe ab sarax nëbb ko ba càmmooñam du xam li ndayjoor bi joxe, ak waa ju fàttaliku Yàlla ciw wéetaay, ay bëtam taa".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bégal na ñatti xeet ci way-gëm ñi ci ne Yàlla mu kawe mi dana leen keral ca kerug arasam ga bis ba ker amul gu dul keram ga: Bi ci njëkk: imaam ju maandu ci boppam te du kàccoor, maanu ci diggante ay càmmam ci lu dul tooñ; muy njiit lu mag li, waaye danañu ca boole képp ku jiite dara ci biri jullit ñi daal di cay maandu. Ñaareel bi: waxambaane wu sosu ci jaamu Yàlla, jeexal ag waxambaaneem ak cawarteem ci loolu ba faatu. Ñatteel bi: waa ju xolam aju ci jàkka, bu ca génnee ba na mu cay delloo ngir tarug bëggam ak bari lu muy taqoo ak jàkka, xolam di wéy di ca nekk donte yaramam dara gaar na ko mu génn fa ba nekk ca bittu jàkka ja. Ñenteel bi: ñaar ñoo xam ne ku nekk ci ñoom ñaar daa bëgg keneen ka ngir Yàlla, ñu sax ca bëgganteg diine ga te doguñu ko ngir àdduna moo xam dajaloo nañu ca dëgg-dëgg walla déet ba dee mujj teqale seen diggante. Juróomeel bi: waa joo xam ne ag jigéen sàkku na ko ci boppam ngir def ñaawteef, te moom jigéen ji boroomug teddnga la ak askan ak daraja ak alal ak taar, mu bañ daal di ne ko: man damaa ragal Yàlla. Juróom-benneel bi: waa ju saraxe ab sarax mu néew walla mu bari te ngistalul waaye mu nëbb ko ba càmmooñam xamul li ndayjooram joxe. Juróom-ñaareel bi: waa ju tudd Yàlla ci xolam di ko fàttaliku, walla ci làmmiñam ci sikar, ci ag wéetaay wolif nit ñi ay bëtam fees ak rangooñ ngir ragal ak màggal ñeel Yàlla mu kawe mi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/66234